**दिन–बुधवार** **दिनांक–07.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भारतीय सशस्त्र बल द्वारा काल्हि राति चलाओल गेल ऑपरेशन सिंदूर पच्चीस मिनट के छल आ एहि जवाबी कार्रवाई मे पाकिस्तान आ पाकिस्तान अधिकृत जम्मू कश्मीर मे नओ आतंकी ठेकान सभ कँ नष्ट कऽ देल गेल। नव दिल्ली मे भारतीय सेना, भारतीय वायु सेना आ विदेश मंत्रालयक संयुक्त प्रेस वार्ता मे ई जनतब देल गेल। भारतीय सेनाक कर्नल सोफिया कुरैशी आ भारतीय वायु सेनाक विंग कमांडर व्योमिका सिंह जनौलनि जे पहलगाम आतंकी हमलाक पीड़ित लोकनि के न्याय दियएबाक लेल ऑपरेशन सिंदूर आरंभ कयल गेल छल। ओ जनौलनि जे ऑपरेशन काल्हि राति एक बाजि कऽ पाँच मिनट सँ एक बाजि कऽ तीस मिनट धरि चलाओल गेल। कर्नल सोफिया कुरैशी आ विंग कमांडर व्योमिका सिंह कहलनि जे भारतीय सशस्त्र बल भविष्य मे पाकिस्तानक कोनो दुस्साहसक मुँहतोड़ जवाब देबाक लेल पूरा तरहें तैयार अछि। विदेश सचिव विक्रम मिसरी कहलनि जे पहलगाम आतंकी हमलाक जाँच सँ पाकिस्तानक आतंकी सभ सँ संबंधक पर्दाफाश भेल अछि। श्री मिसरी कहलनि जे रेजिस्टेंस फ्रंट नामक समूह पहलगाम हमलाक जिम्मेदारी लेलक अछि आ ई समूह लश्कर–ए–तैयबा सँ जुड़ल अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे संयुक्त प्रेस वार्ताक दरमियान भारतीय सशस्त्र बलक जवाबी कार्रवाईक सटीकता आ लक्षित स्थल सभ के आतंकी गतिविधि सभ सँ संबंध सभ के उजागर करबाक लेल ऑडियो आ वीडियो इनपुटक संग एक विस्तृत प्रस्तुति देल गेल।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ऑपरेशन सिंदूर के सफलताक लेल भारतीय सैन्य बल के सराहना कयलनि अछि। केन्द्रीय मंत्रिमंडलक बैसक मे श्री मोदी कैबिनेट मंत्री सभ के एहि ऑपरेशनक जनतब दैत कहलनि जे ई देशक लेल गर्व के क्षण अछि। प्रधानमंत्री राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू सँ सेहो भेंट कऽ हुनका पूरा कार्रवाई के जनतब देलनि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे राष्ट्रपति मुर्मू कहलनि जे बैसकक दरमियान प्रधानमंत्री हुनका ऑपरेशन सिंदूरक संबंध मे जनतब देलनि।

---

मूख्यमंत्री नीतीश कुमार ऑपरेशन सिंदूर के अंतर्गत आतंकवादी सभक विरूद्ध भारतीय सेनाक कार्रवाईक सराहना कयलनि अछि। ओ कहलनि जे भारतीय सभ कैँ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीकैँ नेतृत्व पर पूरा भरोस अछि। उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे ई पहलगाम मे आतंकवादी सभक द्वारा मारल गेल निर्दोष पर्यटक लोकनिक लेल सशस्त्र बल सभ के बदला अछि। नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे भारतीय सेना एक बेर फेर अपन क्षमता सँ ई साबित कयलक जे ओ देशक सुरक्षा पर नजरि रखएवला आतंकवादी आ अलगाववादी ताकत सभ के ध्वस्त कऽ सकैत अछि।

---

प्रदेशक छओ जिला पटना, बेगूसराय, किशनगंज, अररिया, पूर्णिया आ कटिहार मे एखन सँ किछु कालक बाद, सांझ सात बजे सँ सात बाजिकऽ दस मिनट धरि नागरिक सुरक्षा मॉक ड्रिलक आयोजन कयल जायत। एहि दरमियान विद्युत आपूर्ति पूरा तरहें बंद कऽ देल जायत। एहि अवधि मे लोक सभ सँ कोनो प्रकारक रौशनीक उपयोग नहि करबाक अपील कयल गेल अछि। बिजली कटबा सँ पहिने सांझ छओ बाजिकऽ अंठावन मिनट पर सायरन बजाओल जायत। मॉक ड्रिलक दरमियान सड़क पर चलयवला गाड़ी सभ के सेहो रोकि देबाक अपील कयल गेल अछि। एहि अवधि मे एम्बुलेंस आ फायरबिग्रेड एहेन आवश्यक सेवा सभ के छूट रहत।

---

समस्तीपुरक काशीपुर स्थित बैंक ऑफ महाराष्ट्रक शाखा मे अपराधी सभ पैघ लूटक घटना के अंजाम देलक अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार अपराधी सभ लगभग पाँच करोड़ टाका मूल्यक सोना आ पन्द्रह लाख टाका लूटि लेलक। नओ के संख्या मे आयल अपराधी सभ हथियारक बल पर घटना के घटित कयलक। पुलिस सीसीटीवी फूटेज के आधार पर अपराधी सभक गिरफ्तारीक लेल छापामारी कऽ रहल अछि।

---

खेलो इंडिया यूथ गेम्स मे तेरह स्वर्ण पदक सहित चौंतीस पदक के संग महाराष्ट्र पदक तालिका मे पहिल स्थान पर अछि। ओतहि, राजस्थानक टीम नओ स्वर्णक संग दोसर आ कर्नाटक पाँच स्वर्ण के संग तेसर स्थान पर अछि। बिहारक टीम तीन रजत आ तीन कांस्य पदक के संग पदक तालिका मे अठारहम स्थान पर अछि।

---

मौसम विभाग काल्हि सँ राज्यक अधिकतर भाग मे तापमान मे वृद्धिक संभावना जतौलक अछि। विभाग जनौलक जे अगिला तीन दिनक दरमियान राज्यक अधिकतम तापमान मे पाँच सँ आठ डिग्री सेल्सियस धरिक वृद्धि भऽ सकैत अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक दरमियान पैंतीस दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग नालंदाक राजगीर राज्यक सभ सँ गर्म स्थान रहल।

---

समाप्त भेल।